



# VIL NEW YORK SÈVIS DEPATMAN SANTE





Nou detèmine sante nou dapre kote nou viv, grandi, travay ak jwe. Anpil faktè, tankou règleman kont diskriminasyon ak resous limite, lakòz kèk vwazen gen rezulta sante yo ki grav pase lòt yo.

Depatman Sante angaje pou elimine eka a nan rezulta sante. Pou fè sa, n ap ankouraje egalite ras ak jistis sosyal avèk règleman ak pwogram li yo. Nan mitan efò sa yo, nou bay sèvis pou ti pri oswa gratis epi nan anpil lang, kèlkeswa sitiayson finansye ou oswa sitiayson imigrasyon ou.

N AP ANKOURAJE AK PWOTEJE  
**SANTE POU TOUT  
MOUN NEW YORK**



Tiliv sa a gen kat kategori ladan ki montre objektif prensipal travay nou. Yo baze sou **Pran Swen New York 2020 (Take Care New York 2020, TCNY 2020)**, pwojè Depatman Sante pou bay tout moun chans pou yo viv yon lavi ki pi an sante.

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) oswa rele 311 pou jwenn enfòmasyon sou **TCNY 2020** oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou lòt sèvis Depatman Sante.

#### Ankouraje Timoun Piti pou yo an Sante

- Patenarya Enfimyè-Fammi
- Pwogram pou Vizit nan Kay Tibebe ki Fèk Fèt
- Entèvansyon Bonè
- Enspeksyon Gadri

#### Kreye Katye ki Pi an Sante

- Kay ki an Sante
- Posesyon Bèt Kay avèk Responsabilite Ou
- Sekirite Sanitè Manje
- Sant Aksyon pou Sante Katye

#### Fason pou Viv an Sante avèk Sipò

- Bilten sou Sante
- Manje sa ki Bon pou Sante epi Fè Egzèsis Fizik
- Kontwòl Tabak
- Kontwòl Maladi

#### Ogmante Fasilité pou Jwenn Bon Kalite Swen Sante

- Sèvis Enskripsyon nan Asirans Sante
- Klinik Konfidansyèl
- Prevansyon Maladi Kwonik
- Sante Mantal
- Dosye



## ANKOURAJE TIMOUN PITI POU YO AN SANTE

Nou pran angajman pou n ede jèn moun New York nou yo pou yo grandi an sante.

### Patenarya Enfimyè-Fanmi

Patenarya Enfimyè-Fanmi se yon pwogram vizit nan kay pou fanm ki ansent avèk premye tibebe yo. Vizit enfimyè yo ap kontinye jouk lè tibebe a gen 2 zan. Pwogram nan angaje pou amelyore sante, sante jeneral ak endependans fanm ki vin manman pou premye fwa epi ki pa touche ase revni ak pitit yo. Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche **Nurse-Family Partnership** (Patenarya Enfimyè-Fanmi).

### Pwogram pou Vizit nan Kay Tibebe ki Fèk Fèt

Pwogram Vizit nan Kay Tibebe ki Fèk Fèt sipòte fanm ki vin manman pou premye fwa ak tibebe yo pandan kèk premye semèn apre akouchman an. Yon pwofesyonèl sante piblik ap vizite fanmi yo lakay yo pou ede yo avèk alètman, ba yo ti konsèy sou sante ak sekirite epi pou konekte fanmi yo avèk resous yo. Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche **Newborn Home Visiting Program** (Pwogram pou Vizit nan Kay Tibebe ki Fèk Fèt).

### Entèvansyon Bonè

Pwogram Entèvansyon Bonè bay sipò pou fanmi ki gen timoun ki pokon gen 3 zan epi ki gen reta oswa andikap devlopmantal. Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche **Early Intervention** (Entèvansyon Bonè).

## Enspeksyon Gadri

Depatman Sante bay lisans pou pwogram gadri, kontwole ak enspekte pwogram sa yo pou pwoteje sante ak sekirite timoun yo. Itilize sèvis NYC Child Care Connect (Koneksyon nan Gadri) pou chèche pwogram swen timoun ki gen pèmisyon, tankou sant gadri yo, gadri ki baze nan lekòl ak kandete. Ou kapab konpare sant gadri ou avèk lòt sant ki nan vil la epitou ou kapab enskri pou resevwa dènye enfòmasyon yo nan tèks ak imèl sou founisè sèvis gadri ou. Ale sou sitwèb [nyc.gov/health/epi](http://nyc.gov/health/epi) chèche **Child Care** (Sèvis Gadri).





# KREYE KATYE KI PI AN SANTE

Nou detèmine pou fè katye nou yo gen plis sekirite epi pi pwòp.

## Kay ki an Sante

Depatman Sante enspekte kay yo pou redui danje pou anviwònman an, sitou kay ki asosye avèk anpwazònman nan plon ak opresyon. Li asosye tou avèk òganizasyon sante, òganizasyon lojman ak òganizasyon ki baze nan kominate ak èd teknik sou fason pou redui danje ki asosye avèk plon ak deklanchman opresyon, tankou ravèt ak sourit, nan kay. Pwopriyetè bilding yo gen obligasyon pou repare penti k ap dekale san pwoblèm, epi pou kenbe lojman yo san bèt nuizib. Si ou se yon lokatè, rapòte penti k ap dekale oswa rat ak sourit ba pwopriyetè bilding ou san pèdi tan. Si pwopriyetè bilding nan pa repare pwoblèm nan, rele 311 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/311](http://nyc.gov/311).

## Posesyon Bèt Kay avèk Responsabilite Ou

Depatman Sante bay lisans pou chen epi li bay repons lè chen mòde yon moun ak repons pou dosye bèt ki gen maladi laraj. Nan Vil New York, tout ti chen ak ti chat ta dwe pran premye vaksen yo kont laraj ant 3 ak 4 mwa. Kòd Sante Vil New York (New York City Health Code) egzije tou pou mèt chen yo gen lisans pou chen yo epi pou yo tache yon etikèt lisans nan kolye chen yo lè yo an piblik. Pou aplike pou yon lisans pou gen chen oswa pou renouvele youn, ale sou sitwèb [nyc.gov/doglicense](http://nyc.gov/doglicense) oswa rele 311 pou mande pou nou voye yon kopi pou ou pa lapòs.

## Sekirite Sanitè Manje

Depatman Sante bay pèmi pou kote ki bay sèvis manje (food service establishments, FSE) epi kontwole kote sa yo, epitou nou bay kou fòmasyon ak sètifikasi pou operatè restoran, machann manje mobil ak travayè kantin popilè/ manje pandan lete.

Depatman an enspekte operasyon ak lokal FSE yo tou omwen yon dwa chak ane pou tcheke si yo satisfè egzijans sekirite sanitè manje nan Kòd Sante Vil New York. Pou chèche konnen sa lalwa egzijie oswa pou wè nòt enspeksyon ou, ale sou sitwèb [nyc.gov/health/restaurants](http://nyc.gov/health/restaurants).



## Sant Aksyon pou Sante Katye

Sant Aksyon pou Sante Katye Depatman an se yon pati nan plan Vil New York pou pote plis sante ak sèvis kominotè pou moun New York.

Sant Aksyon yo pral louvri nan katye ki gen anpil moun ki gen dyabèt, maladi kè ak lòt maladi kwonik. Y ap bay espas tou pou òganizasyon ki baze nan kominote ak ekip Depatman Sante pou yo travay ansanm pou redui inegalite nan sante nan nivo katye a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche

**Neighborhood Health Action Centers** (Sant Aksyon pou Sante Katye).



# FASON POU VIV AN SANTE AVÈK SIPÒ

Objektif nou se pou ankouraje chwa ki bon pou sante moun New York kapab fè chak jou pou viv pi lontan epi an sante.

## Bilten sou Sante

Bilten sou sante se piblikasyon vedèt Depatman Sante sou sijè sante ki konsène tout moun New York.

Rele 311 pou mande yon kopi gratis nan lang ou, oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/health/pubs](http://nyc.gov/health/pubs).

Pou yon abònman gratis nan imèl, ale sou sitwèb [nyc.gov/health/pubs](http://nyc.gov/health/pubs).

## Manje sa ki Bon pou Sante epi Fè Egzèsis Fizik

Si ou manje sa ki bon pou sante ou epi si ou fè egzèsis fizik, sa kapab ede ou besse gwosè ou, kontwole estrès ou, gen plis enèji epi trase yon bon egzanp pou pitit ou yo. Pwogram nitrisyon Depatman Sante ankouraje tout moun New York pou yo manje sa ki fòtifyan epi pou yo fè egzèsis fizik. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche **Eating Healthy** (Manje An Sante).

**Depanse \$5 dola avèk EBT nan yon mache kiltivatè epi resevwa yon Health Buck ki vo \$2 dola.**

Health Bucks yo se koupon \$2 dola ou kapab itilize pou achte fwi ak legim fre nan tout mache kiltivatè ki nan Vil New York. Tout mache kiltivatè ki aksepte avantaj Pwogram Èd Nitrisyon Siplementè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ap bay yon Health Buck pou chak kliyan pou chak \$5 dola yo depanse avèk Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefits Transfer, EBT).

## Kontwòl Tabak

Depatman Sante ap travay avèk Liy Telefòn New York pou Ede Moun Kite Fimen pou bay sèvis gratis, tankou medikaman, konsèy ak sipò angwoup, pou ede ou kite fimen. Pou jwenn enfòmasyon ak resous, rele 311 oswa ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche **NYC Quits** (Vil New York ak Kite Fimen).

## Kontwòl Maladi

Depatman Sante kontwole maladi enfektye ak deklanchman yo, nou travay avèk kominate yo pou anpeche yo rive, epitou nou bay konsèy pou ede ou rete an sante. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health.





## OGMANTE FASILITE POU JWENN BON KALITE SWEN SANTE

Nou vle asire tout moun New York gen aksè  
nan kalite siperyè swen sante ki apwopriye  
sou plan lengwistik ak kiltirèl.

### Sèvis Enskripsyon nan Asirans Sante

Konseye Aplikasyon Sètifye Depatman Sante yo kapab ede ou konprann chwa asirans sante ou epi yo kapab enskri ou nan Medicaid, Child Health Plus, Essential Plan oswa yon plan prive. Gen èd ki disponib kèlkeswa sitiyasyon finansye ou oswa sitiyasyon imigrasyon ou. Rele 311 oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **Insurance** (Asirans) pou jwenn plis enfòmasyon.

### Klinik Konfidansyèl

Klinik Depatman Sante yo ofri vaksen ak sèvis sante seksyèl pou pri ki ba ak gratis, ak sèvis gratis pou maladi Tibèkiloz (Tuberculosis, TB). Ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **Clinics** (Klinik) pou jwenn plis enfòmasyon.

### Prevansyon Maladi Kwonik

Ou kapab kontwole maladi kwonik tankou opresyon, dyabèt ak tansyon depi ou manje sa ki bon pou sante ou, depi ou fè egzèsis fizik epitou ou pran medikaman ou yo. Depatman Sante bay sèvis ak resous pou ede moun New York evite oswa kontwole maladi. Rele 311 pou jwenn yon doktè, oswa pou jwenn enfòmasyon sou asirans sante pou pri ki ba oswa gratis.

## Sante Mantal

Depatman Sante ankouraje sante mantal ak aksè nan tretman ak swen sante pou timoun ak adilt ki gen pwoblèm sante mantal oswa pwoblèm abi alkòl/dwòg. Pou jwenn yon pwofesyonèl sante mantal, ale sou sitwèb nyc.gov/nycwell oswa rele plan asirans sante ou. Lè gen ijans, rele 911.

Pou jwenn enfòmsyon sou prevansyon òvèdòz oswa ekipman enjeksyon pwòp, ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **Alcohol & Drug Use** (Itilizasyon Alkòl ak Dwòg).

## Dosye

Depatman Sante bay batistè ak sètifikasi lanmò epi nou fè chanjman ladan yo. Rejis Vaksinasyon pou Tout Vil la bay dosye vaksen tou. Rele 311 oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **Certificates** (Sètifikasi) oswa **Citywide Immunization Registry** (Rejis Vaksinasyon Vil la) pou jwenn plis enfòmasyon.



# RESOUS



## Jwenn Sèvis yo nan Lang Ou

Nou angaje pou bay sèvis nan lang ou, tankou tradiksyon ekri ak entèpretasyon fas-a-fas oswa nan telefòn.

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche **Language Services** (Sèvis Lang) pou jwenn plis enfòmasyon. Ou kapab enprime ak telechaje tou yon kat "Mwen pale" ou kapab pote nan ajans Vil la pou mande sèvis entèprèt gratis.

## Jwenn plis enfòmasyon

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche **Community Health Profiles** (Pwofil Sante Kominotè) pou li yon rapò konplè sou sante katye ou.

Chèche **Center for Health Equity** (Sant pou Ekite nan Afè Sante) pou konnen sa Depatman Sante ap fè pou elimine inegalite epi pou ancourage jistis rasyal ak sosyal.

## Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy

